



Social Security

Konprann Benefis Yo

2006

www.socialsecurity.gov

Kontakte Sekirite Sosyal

Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, www.socialsecurity.gov, se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou benefis;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Jwenn fòmilè pou fè demann dokiman enpòtan, tankou yon *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)*, yon kat Sekirite Sosyal, oswa yon kat Medicare pou ranplase sa ou te genyen an, oswa yon lèt pou verifye kantite lajan benefis ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Genyen kèk nan sèvis sa yo ki disponib nan lang Angle sèlman. Pou vizite seksyon ki nan lang Kreyòl nou a, tanpri ale nan wèbsayt nou www.socialsecurity.gov/multilanguage sou entènèt la, epi chwazi “Haitian-Creole”.

Rele nimewo 1-800 nou

Anplis itilizasyon wèbsayt nou, ou toujou kapab rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jouk vandredi. Nou ka ba ou enfòmasyon nan sèvis telefòn otomatik 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, n ap fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal epi n ap aranje nou pou yon entèprèt ki pale Kreyòl preznan moman vizit ou a.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Men Yon Mesaj

Komisè Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal jwe yon wòl pou prèske chak fanmi, epi sou kèk pwen, li touche lavi prèske tout Ameriken.

Sekirite Sosyal pa ede Ameriken ki aje yo sèlman, men tou li ede travayè ki vin malad/ enfim ak fanmi ki gen mari/madanm yo ki mouri, oswa paran yo. Jodi a, plis pase 157 milyon moun ap travay epi y ap peye taks Sekirite Sosyal. Plis pase 48 milyon moun ap resvewa benefis Sekirite Sosyal chak mwa.



Pifò benefisyè (moun ki ap resevwa benefis) nou yo se moun ki retrete avèk fanmi yo—apeprè 33 milyon moun.

Men Sekirite Sosyal pa t janm vle reprezante sèl sous revni pou moun lè yo retrete. Sekirite Sosyal ranplase apeprè 40 pouzan salè mwayen yon travayè apre li retrete, epi pifò konseye finansye yo fè konnen moun ki retrete yo ap bezwen apeprè 70–80 pouzan revni travay yo pou yo viv byen pandan retrèt yo. Pou gen yon bon retrèt, Ameriken yo bezwen plis pase Sekirite Sosyal sèlman. Yo bezwen pansyon prive, ekonomi epi avèk envestisman tou.

Administrasyon Sekirite Sosyal vle pou ou konprann kisa Sekirite Sosyal ka vle di pou ou ak avni finansye fanmi ou. Piblikasyon sa a, *Konprann Benefis Yo*, eksplike enfòmasyon debaz pwogram retrèt Sekirite Sosyal la, pwogram asirans pou moun ki malad/enfim ak pwogram pou sivivan yo.

Mwen ankouraje ou tou pou ou aprann plis enfòmasyon sou pwoblèm finansye Sekirite Sosyal ap genyen alavni. Moun ki retrete jodi a ak moun ki pral retrete titalè yo pa ta dwe enkyete—benefis yo p ap afekte. Nou bezwen pran etap pou asire Sekirite Sosyal ap bay yon fondasyon pwoteksyon pou jenerasyon k ap vini alavni yo jan sa te fèt nan tan pase.

A handwritten signature in black ink that reads "Jo Anne B. Barnhart".

Jo Anne B. Barnhart
Komisè

Ki sa ki andedan

Sekirite Sosyal: yon konsèp senp.....	3
Sa ou bezwen konnen osijè Sekirite Sosyal pandan ou ap travay	6
Sa ou bezwen konnen sou benefis yo.....	8
Benefis pou fanmi ou.....	12
Lè ou pare pou aplike pou benefis yo	15
Pwogram Revni Sekirite Siplemantè (SSI)	17
Dwa pou ou voye kòz ou al jije devan yon tribinal ki pi wo	17
Medicare	17

Sekirite Sosyal: yon konsèp senp

Sistèm Sekirite Sosyal ki la kounye a fonksyone konsa: lè ou ap travay, ou peye taks nan Sekirite Sosyal. Lajan taks sa a sèvi pou peye benefis pou:

- Moun ki déjà retrete yo;
- Moun ki malad/enfim;
- Sivivan travayè ki mouri; epi
- Depandan benefisyè yo.

Lajan taks ou peye a pa ale nan yon kont pèsonèl pou ou itilize lè ou jwenn benefis yo. Taks yo itilize touswit pou peye moun ki ap resevwa benefis yo kounye a. Nenpòt lajan ki pa itilize ale nan yon fon komen Sekirite Sosyal, pa nan yon kont pèsonèl avèk non ou sou li.

Avni Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal se yon aranjman ant jenerasyon yo. Pandan plis pase 70 lane, Lamerik kenbe pwomès sekirite pou travayè li yo ak pou fanmi travayè yo. Men kounye a, sistèm Sekirite Sosyal la gen pwoblèm lajan, epi gen mezi ki nesesè pou asire sistèm nan an sekirite lè travayè ki pi jèn jodi a pare pou pran retrèt yo.

Se pou rezon sa a nivo benefis Sekirite Sosyal ap an mezi pou li peye alavni an pa asire. Jodi a gen apeprè 36 milyon Ameriken ki gen laj 65 lane oswa plis. Benefis retrèt Sekirite Sosyal finanse avèk lajan travayè ak patwon ki peye taks Sekirite Sosyal ansanm—menm jan lajan yo te peye nan Sekirite Sosyal te sèvi pou peye benefis pou moun ki te pran retrèt avan yo. Sòf si gen mezi ki pran pou ranfòse Sekirite Sosyal, nan sèlman 11 lane n ap kòmanse peye pi plis benefis pase sa nou ranmase nan taks. San okenn chanjman, nan lane 2041, fon komen Sekirite Sosyal la ap fini. Nan moman sa a, yo prevwa kantite Ameriken ki gen laj 65 lane oswa plis ap double. P ap gen ase jèn moun ki ap travay pou peye tout benefis ki prevwa pou moun ki ap pran retrèt yo. Nan pwen

sa a, ap gen ase lajan pou peye sèlman apeprè 74 santim pou chak dola benefis moun ki retrete prevwa pou yo resevwa. Nou bezwen rezoud pwoblèm sa yo pou asire Sekirite Sosyal ap bay yon fondasyon ak pwoteksyon pou jenerasyon ki ap vini yo jan sa te fèt nan tan pase.

Sekirite Sosyal se plis pase retrèt

Anpil moun panse Sekirite Sosyal se sèlman yon pwogram retrèt. Malgre se vre pifò moun ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ap resevwa benefis retrèt, anpil lòt ap resevwa benefis Sekirite Sosyal paske yo:

- Malad/enfim; oswa
- Yon mari/madanm oswa pitit yon moun ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal; oswa
- Yon mari/madanm oswa pitit yon travayè ki te mouri; oswa
- Yon paran depandan yon travayè ki te mouri.

Selon sikonsans ou, ou ka elijib pou resevwa benefis Sekirite Sosyal nan nenpòt laj. Kidonk, Sekirite Sosyal peye plis benefis pou timoun pase nenpòt lòt pwogram gouvènman. Jodi a, plis pase 48 milyon moun, apeprè youn sou chak sis (6) Ameriken, ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.

Taks Sekirite Sosyal ou

Taks Sekirite Sosyal ou menm ak lòt travayè yo peye nan sistèm la sèvi pou peye benefis Sekirite Sosyal.

Ou peye taks Sekirite Sosyal sou salè ou jouk nan yon sèten limit. Limit la ogmante chak ane pou li ka evolye avèk salè yo. Pou 2006 la limit la se \$94,200.

Taks Medicare

Ou peye taks Medicare sou tout salè ou ak salè nèt ou sou travay endependan ou. Taks sa yo itilize pou asirans Medicare.

Si ou travay pou yon lòt moun	Taks Sekirite Sosyal	Taks Medicare
Ou ap peye	6.2%	1.45%
Travay ou ap peye	6.2%	1.45%
Si ou se yon travayè endependan		
Ou ap peye	12.4%	2.9%

Kote lajan taks Sekirite Sosyal ou ale

Lè ou ap travay, 85 santim sou chak dola taks Sekirite Sosyal ou peye ale nan yon fon komen ki peye benefis pa mwa pou moun ki retrete ak fanmi yo, epi pou mari/madanm ki siviv ak pou pitit travayè ki mouri. Lòt 15 pouasan an ale nan yon fon komen ki peye benefis pou moun ki malad/enfim ak pou fanmi yo.

Nan fon komen sa yo, Sekirite Sosyal peye pou dirije pwogram Sekirite Sosyal yo tou. Administrasyon Sekirite Sosyal se youn nan biwo ki pi efikas nan gouvènman federal la, epi n ap travay pou fè li vin pi bon chak jou. Sou chak dola taks Sekirite Sosyal ou peye, nou depanse mwens pase yon peni pou jere pwogram la.

Tout lajan taks ou peye pou Medicare ale nan yon fon komen ki peye kèk frè lopital ak lòt swen pou tout benefisyè Medicare yo. Sekirite Sosyal pa jere Medicare. Se Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid ki jere li.

Sa ou bezwen konnen osijè Sekirite Sosyal pandan ou ap travay

Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Lyen ou avèk Sekirite Sosyal se nimewo Sekirite Sosyal ou. Ou ap bezwen li pou jwenn djòb epi pou peye taks. Nou itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou swiv tras salè ou pandan ou ap travay epi pou swiv tras benefis ou apre ou fin resevwa Sekirite Sosyal.

Pa mache avèk kat Sekirite Sosyal ou sòf si ou bezwen montre li nan travay ou. Ou ta dwe pran prekosyon ou konsènan moun ou ap bay nimewo Sekirite Sosyal ou. Vòl idantite se youn nan krim ki gaye pi vit jodi a. Pifò tan, vòlè idantite itilize nimewo Sekirite Sosyal ou ak bon kredi ou pou aplike pou plis kredi sou non ou. Apre sa yo itilize nouvo kat kredi yo pou achte sou kont ou, epi yo pa peye.



Nimewo Sekirite Sosyal ou konfidansyèl, menm jan ak dosye nou yo. Si yon lòt moun mande nou enfòmasyon nou genyen sou ou, nou p ap bay okenn enfòmasyon san konsantman alekri ou, sòf si lalwa mande oswa pèmèt sa.

Kontakte nou si ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal, si ou pèdi kat ou oswa si ou bezwen yon lòt kat oswa si ou bezwen chanje non ou genyen sou kat la. N ap mande ou pou ranpli yon fòm senp ki gen yon paj epi n ap mande pou wè sèten dokiman. Nou bezwen wè dokiman orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.

Pou ou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal oswa si ou bezwen ranplase yon kat ou dwe pwouve sitwayènte ameriken ou oubyen kondisyon imigrasyon ou, laj ou avèk idantite ou. Pou ou ranplase yon kat ou p ap bezwen ban nou prèv sitwayènte ameriken ou oswa prèv laj ou si nou deja genyen yo nan dosye nou. Se sèlman kèk dokiman ki akseptab kòm prèv sitwayènte ameriken. Pami dokiman sa yo genyen batistè ameriken ou, paspò ameriken ou, yon Sètfika Natiralizasyon oubyen yon

Sètifica Sitwayènte. Si ou pa yon sitwayen ameriken, gen diferan règleman pou pwouve kondisyon imigrasyon ou. Dokiman ki akseptab kòm prèv idantite se dokiman ki pa ekspire ki montre non ou, enfòmasyon ki idantifye ou epi nou pito si dokiman an genyen yon foto ki resan, tankou yon lisans pou kondui oubyen yon kat idantifikasyon eta kote ou ap viv la ba ou men ki pa pou kondui.

Pou aplike pou chanje non ou sou kat Sekirite Sosyal ou, ou dwe montre yon dokiman ki resan ki pwouve ke non ou chanje legalman.

Asire ou ke ou pwoteje kat Sekirite Social ou. Ou gen dwa ranplase kat ou sèlman twa (3) fwa non yon lane epi dis (10) fwa sèlman pandan tout lavi ou. Lè ou chanje non ou legalman avèk kèk lòt eksepsyon ankò pa konte nan limit sa yo. Pa egzanp, lè ou fè mizajou nan kat ou paske ou chanje kondisyon ou lè ou pa yon sitwayèn p ap konte nan limit sa yo. Ositou, limit sa yo kapab pa afekte ou si ou ka pwouve ke ou bezwen kat la pou ou pa sibi yòn gwo difikilte.

Pou plis enfòmasyon, kontakte nou epi mande nou pou *Nimewo ak Kat Sekirite Sosyal Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10002-HC). Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou ka mande tou pou *Nimewo Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-10096-HC).

Tout sèvis nou yo gratis. Sekirite Sosyal pa janm reklame frè pou sèvis nou ofri yo.

Kòman ou ap vin elijib pou Sekirite Sosyal

Lè ou travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal, ou gen "kredi" nan Sekirite Sosyal. Pou lane 2006, ou resevwa yon kredi pou chak \$970 salè, jouk maksimòm kat (4) kredi nan yon ane. (Kantite lajan ki nesesè pou gen yon kredi ogmante chak ane.)

Pifò moun bezwen 40 kredi (10 ane travay) pou yo ka ranpli kondisyon pou benefis yo. Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo elijib pou benefis maladi/enfimite oswa pou manm fanmi yo ka elijib pou benefis pou sivivan lè travayè a (moun ki ap travay nan kay la) mouri.

Sa ou bezwen konnen sou benefis yo

Benefis Sekirite Sosyal yo ranplase yon pouvantaj salè ou lè ou retrete, lè ou vin malad/enfim oswa lè ou mouri. Chak ane, n ap voye ba ou yon *Etadkont Sekirite Sosyal* ki prezante istwa salè ou ak yon estimasyon benefis retrèt ou, benefis maladi/enfimite ou ak benefis pou sivivan fanmi ou ka resevwa sou salè ou.

Lè ou resevwa *Etadkont* ou, verifye istwa salè ou avèk atansyon. Asire ou ke tout salè ou kòrèk. Asire ou ke ou rapòte nenpòt erè ban nou. Sa enpòtan paske benefis ou ap baze sou salè ou touche pandan tout tan ou ap travay. *Etadkont* ou itil tou pou ede ou planifie avni finansye ou.

Benefis Retrèt

Fè yon chwa sou ki lè pou ou retrete se youn nan desizyon pi enpòtan ou ap pran pou lavi ou. Si ou chwazi pou pran retrèt ou lè ou rive nan laj pou pran retrèt konplè ou (ale nan paj 10), ou ap resevwa tout benefis retrèt ou. Men si ou pran retrèt ou anvan laj pou pran retrèt konplè a, ou ap resevwa benefis ki redwi pou rès vi ou.

Laj pou retrèt konplè

Si ou te fêt anvan 1938, ou te elijib pou benefis Sekirite Sosyal nan 65^{yèm} anivèsè nesans ou. Nan ane 2003, laj pou resevwa tout benefis yo te kòmanse ogmante gradyèlman. Tablo ki apre a ap gide ou pou detèmine laj pou ou genyen pou ou pran retrèt konplè ou:

Laj pou pran retrèt konplè	
<i>Ane ou fèt</i>	<i>Laj pou retrèt konplè ou</i>
1937 oswa anvan	65
1938	65 an ak 2 mwa
1939	65 an ak 4 mwa
1940	65 an ak 6 mwa
1941	65 an ak 8 mwa
1942	65 an ak 10 mwa
1943-1954	66
1955	66 an ak 2 mwa
1956	66 an ak 4 mwa
1957	66 an ak 6 mwa
1958	66 an ak 8 mwa
1959	66 an ak 10 mwa
1960 o apre	67

REMAKE: Menm si laj pou pran retrèt konplè a ap ogmante, ou toujou ta dwe aplike pou benefis Medicare nan twa (3) mwa ki vin apre 65^{yèm} anivèsè nesans ou. Si ou rete tann pi lontan, asirans medikal Medicare ou (Pati B) ka koute ou plis lajan.



Lè ou pran retrèt ou apre laj pou retrèt konplè a

Si ou chwazi pou ou tann apre ou gen laj retrèt konplè ou pou komanse resevwa benefis retrèt ou, benefis yo ap ogmante a yon sèten pou santaj selon ane ou te fèt la. Ogmantasyon a ap enkli otomatikman ant laj pou ou te pran retrèt konplè ou avèk moman ou kòmanse resevwa benefis la oubyen ou vin gen laj 70 lane, kèlkeswa sa ki vin avan an. Si pa egzanp, ou te fèt nan lane 1940, benefis ou ka ogmante 7 pou san pou chak ane ant laj retrèt konplè ou avèk laj 70 lane, pandan ke ou p at resevwa benefis retrèt ou.

Retrèt anvan lè

Ou ka kòmanse resevwa benefis retrèt ou lè ou gen laj 62 lane. Men tou, si ou kòmanse resevwa benefis yo bonè, benefis ou yo ap diminye pou **tout tan**. Benefis ou diminye apeprè mwatye yon pou san pou chak mwa ou kòmanse Sekirite Sosyal ou anvan laj pou ou te pran retrèt konplè a. Pa egzanp, si laj pou ou pran retrèt konplè a se 65 lane ak 8 mwa epi ou enskri non ou pou Sekirite Sosyal lè ou gen 62 an, ou ka sèlman resevwa 76.7 pou san sou tout benefis ou.

***REMAKE:** Rediksyon an ap pi gwo nan pwochen ane lè laj pou pran retrèt la ogmante.*

Si ou ap travay pandan ou ap resevwa benefis

Ou ka kontinye travay epi ou toujou ap resevwa benefis retrèt. Salè ou nan mwa (oswa apre) ou gen laj pou ou pran retrèt konplè a p ap fè benefis Sekirite Sosyal ou diminye. Men tou, benefis ou ap diminye si salè ou depase sèten limit pou mwa anvan ou gen laj pou pran retrèt konplè a.

Si ou ap travay men ou kòmanse resevwa benefis yo anvan laj pou pran retrèt konplè a, nap dedwi \$1 nan benefis yo pou chak \$2 nan salè ou genyen ki depase limit anyèl la. Pou lane 2006 la, limit la se \$12,480.

Nan ane ou rive nan laj pou ou pran retrèt konplè a, benefis ou yo ap diminye de \$1 pou chak \$3 ou touche sou yon limit

anyèl diferan (\$33,240 pou lane 2006), jouk mwa ou vin gen laj pou pran retrèt konplè a.

Lè ou rive nan laj pou ou pran retrèt konplè ou, ou ka toujou kontinye travay epi benefis Sekirite Sosyal ou p ap diminye kèlkeswa kantite lajan ou ap touche.

Pou plis enfòmasyon sou fason travay afekte benefis ou, kontakte nou epi mande yon kopi piblikasyon *Kòman Travay Ou Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10069-HC).

REMAKE: Moun ki ap travay pandan yo ap resevwa peman pou maladi/enfimite oswa peman Revni Sekirite Siplementè gen règleman sou salè ki diferan. Ou dwe rapòte tout salè ou nan Sekirite Sosyal kèlkeswa kantite ou ap touche a.

Benefis retrèt pou vèf/vèv

Si ou ap resevwa benefis vèf oswa benefis vèv, ou ka chanje pou ou jwenn pwòp benefis retrèt pa ou lè ou gen laj 62 lane, si nou sipoze ke benefis retrèt ou pi plis pase kantite lajan ou ap resevwa sou mari ou oswa madanm ou ki mouri. Nan plizyè ka, ou ka kòmanse resevwa yon benefis ki redwi epi apre sa ou chanje pou lòt benefis ki ap ba ou tout pouvantaj la lè ou gen laj pou pran retrèt konplè ou. Règleman yo konplike epi yo varye selon sitiyasyon yo, kidonk fè yon ti pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal sou chwa ki disponib pou ou.

Benefis Maladi/Enfimite

Si ou pa ka travay akòz yon kondisyon fizik oswa mantal yo prevwa ki ka dire omwen yon lane oubyen ki ka lakòz lanmò ou, ou ka elijib pou benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal.

Règleman pou maladi/enfimite nou yo diferan avèk règleman lòt plan prive oswa règleman lòt biwo gouvènman. Lè ou ranpli kondisyon pou ou resevwa benefis maladi/enfimite nan yon lòt biwo oswa yon lòt pwogram, sa pa vle di ou ap elijib pou benefis maladi/enfimite nou. Epitou lè ou gen yon papye medikal doktè ou ki endike ke ou malad/enfim, sa pa vle di ou elijib otomatikman pou resevwa benefis Sekirite Sosyal.

Moun ki enfim ki gen ti revni ak yon ti kantite resous, ka elijib tou pou peman maladi/enfimite nan pwogram Revni Sekirite Siplementè (SSI), avèk timoun tou. Pou plis enfòmasyon sou SSI, kontakte nou epi mande yon kopí piblikasyon *Supplemental Security Income (SSI)* (Piblikasyon Nimewo 05-11000-HC, *Revni Sekirite Siplementè [SSI]*). Piblikasyon sa a egziste nan lang Angle sèlman.

Si ou vin malad/enfim, ou ta dwe ranpli fòmilè aplikasyon pou benefis maladi/enfimite san pèdi tan paske, anjeneral, sa pran plizyè mwa pou trete yon demann pou benefis maladi/enfimite. Nou ka an mezi pou trete demann ou pi vit si ou gen dokiman sa yo nan moman ou aplike a:

- Dosye medikal doktè ou, terapis ou, lopital ou, klinik ou ak travayè sosyal ou;
- Rezulta tès laboratwa ou ak rezulta lòt tès;
- Non, adrès, nimewo telefòn ak nimewo faks doktè ou, klinik ou ak lopital ou;
- Non tout medikaman ou ap pran yo; epi
- Non kote ou ap travay avèk deskripsyon travay ou te fè pandan 15 dènye ane yo.

Benefis pou fanmi ou

Lè ou kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal ou oswa benefis maladi/enfimite ou, lòt manm fanmi ou ka elijib tou pou resevwa yo. Pa egzanp, mari oswa madanm ou ka resevwa benefis yo si li:

- Gen laj 62 lane oswa plis; oswa
- Nan nenpòt laj si 1 ap okipe pitit ou (timoun nan dwe gen mwens pase laj 16 lane oswa li malad/enfim epi 1 ap resevwa benefis Sekirite Sosyal sou dosye ou).

Timoun selibatè yo ka resevwa peman benefis yo si yo:

- Gen mwens pase laj 18 lane;
- Ant 18 ak 19 lane, men yo nan yon lekòl elementè oswa segondè kòm yon élèv atanplen;

- 18 lane epi yo malad/enfim anpil (maladi/enfomite a dwe te kòmanse anvan laj 22 lane).

Si ou vin paran yon timoun (yon timoun ki adopte enkli tou) apre ou kòmanse resevwa benefis yo, fè nou konnen enfòmasyon sou timoun nan pou nou ka deside si timoun nan elijib pou benefis yo.

Ki kantite manm fanmi yo ka jwenn?

Chak manm fanmi ka elijib pou resevwa yon benefis chak mwa ki ka rive jiska mwatyé nan kantite lajan benefis retrèt ou oswa benefis maladi/enfomite ou. Men tou, gen yon limit nan kantite lajan total yon fanmi ka resevwa. Limit la varye, men anjeneral li egal a apeprè ant 150 ak 180 pouzan benefis retrèt la.

Si ou divòse

Si ou divòse, ansyen mari ou oswa madanm ou ka ranpli kondisyon pou li resevwa benefis sou revni ou. Nan kèk sitiayson, li ka resevwa benefis yo menm si ou menm ou p ap resevwa yo. Pou kalifye, ansyèn mari oswa madanm ou dwe:

- Te marye avèk ou pandan dis (10) lane omwen;
- Te divòse depi omwen de (2) lane;
- gen laj 62 lane omwen;
- Pa marye; epi
- Pa elijib pou yon benefis ki egal oswa ki pi gwo sou pwòp travay pa li oswa sou travay yon lòt moun.

Benefis pou Sivivan

Lè ou mouri, fanmi ou ka elijib pou benefis sa yo selon travay ou.

Pami manm fanmi ki ka resevwa benefis yo gen ladan yon vèf oswa yon vèv ki:

- gen laj 60 lane oswa plis; oswa
- gen laj 50 lane epi ki malad/enfim; oswa

- Ki gen nenpòt laj si l ap okipe ptit ou ki gen mwens pase laj 16 lane oswa ki malad/enfim epi ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.

Ptit ou yo ka resevwa benefis tou si yo selibatè epi:

- Si yo gen mwens pase laj 18 lane; oswa
- Genyen laj 18 rive 19 lane, men yo toujou nan yon lekòl elemantè oswa segondè kòm elèv atanplen;
- Genyen laj 18 lane epi malad/enfim anpil (maladi/enfimite a dwe te kòmanse anvan li rive nan laj 22 lane).

Anplis, paran ou yo ka resevwa benefis sou salè ou si yo te depann de ou pou omwen mwatye sipò yo.

Peman apre lanmò

Si ou te gen ase kredi, yon peman \$255 ap fèt yon sèl fwa apre lanmò ou. Se mari/madanm ou oswa ptit minè ou ki ka resevwa benefis sa a si yo ranpli sèten kondisyon.

Si ou divòse

Si ou divòse, ansyen mari ou oswa ansyen madanm ou ka elijib pou benefis ki sou dosye ou. Li dwe:

- Gen omwen 60 lane (oswa 50 lane si li malad/enfim) epi li dwe te marye avèk ou pandan 10 lane omwen; oswa
- Gen nenpòt laj si l ap okipe yon timoun ki elijib pou resevwa benefis selon travay ou; epi
- Pa elijib pou yon benefis ki egal oswa ki pi gwo selon pwòp travay pa li; epi
- Pa marye nan moman an, sòf si li remarye apre laj 60 lane oswa apre laj 50 lane si li enfim.

REMAKE: Si ansyen mari/madanm ou remarye apre laj 60 lane, li ka elijib pou benefis Sekirite Sosyal selon travay ou oubyen selon travay nouvo moun li marye avèk li a, nenpòt sa ki pi gwo a.

Ki kantite lajan sivivan ou ap resevwa?

Sivivan ou ap resevwa yon pouvantaj sou benefis debaz Sekirite Soyal ou—anjeneral yo chak ap resevwa yon kantite ki ant 75 ak 100 pouyan. Men tou, gen yon limit nan kantite lajan yon fanmi ka resevwa chak mwa. Limit la varye, men jeneralman li egal a apeprè ant 150 ak 180 pouyan benefis ou.

Ou ka genyen pou peye taks sou benefis ou

Kèk moun ki ap resevwa Sekirite Sosyal ap gen pou peye taks sou benefis yo. Apeprè yon tyè (1/3) benefisyè ki gen kounye a peye taks sou benefis yo.

Ou ap gen pou peye taks sou benefis ou si ou ranpli yon fòmilè taks federal (deklarasyon taks) kòm yon “moun apa” epi revni total ou pi plis pase \$25,000. Si ou ranpli fòmilè taks ou an komen, ou ap gen pou peye taks si ou menm ak moun ki marye avèk ou a gen yon revni total ki pi plis pase \$32,000. Pou plis enfòmasyon, rele nimewo telefòn gratis Sèvis Enpo sou Revni Ameriken nan **1-800-829-3676**.

Lè ou pare pou aplike pou benefis yo

Kontakte nou lè ou pare pou ranpli fòmilè aplikasyon pou benefis yo. Si ou sèlman ap reflechi pou wè si ou ta ranpli fòmilè aplikasyon pou benefis retrèt yo, nou konseye ou pou ou fè yon ti pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal kèk mwa anvan ane ou planifye pou ou pran retrèt ou. Pou ranpli fòmilè aplikasyon pou benefis maladi/enfimite oswa benefis pou sivivan, ou ta dwe aplike sito ou elijib pou sa.

Ou ka aplike pou benefis yo tou sou wèbsayt nou. Ale nan www.socialsecurity.gov epi klike sou “Apply for retirement benefits.” Ou ka kalkile kantite lajan benefis ou tou nan www.socialsecurity.gov/planners.

Sa ou ap bezwen pou aplike

Lè ou ap aplike pou benefis yo, n ap mande ou pou ou founi sèten dokiman. Dokiman n ap mande yo depann de kalite benefis ou ap aplike pou ou resevwa. Lè ou founi nou

dokiman sa yo vit, sa ap ede nou peye benefis ou pi vit. Ou dwe soumèt dokiman orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo—nou pa ka askepte fotokopi.

Pa tann pou ranpli yon fòmilè aplikasyon poutèt ou pa gen tout dokiman ou bezwen yo. N ap ede ou jwenn yo.

Men yon lis kèk dokiman ou ka bezwen lè ou ap enskri pou Sekirite Sosyal:

- Kat Sekirite Sosyal ou (oswa yon dokiman ki gen nimewo ou);
- Batistè ou;
- Batistè pitit ou (si yo ap aplike);
- Prèv ou se sitwayen ameriken oswa ou se yon etranje legal si ou pa t fèt Ozetazini (oswa yon pitit ou ki ap aplike)
- Batistè ak nimewo Sekirite Sosyal mari/madanm ou si l ap aplike pou benefis sou salè ou;
- Papye maryaj ou (si ou ap enskri sou dosye moun ou marye avèk li a);
- Papye ki montre ou pa nan sèvis ankò si ou te nan sèvis militè; epi
- Dènye fòmilè W-2 ou oswa dènye fòmilè taks ou, si ou se yon travayè endepandan.

N ap fè ou konnen si gen lòt dokiman ki nesesè lè ou ap ranpli fòmilè aplikasyon an.

Kòman benefis yo peye

Anjeneral benefis Sekirite Sosyal yo peye sou fòm depo dirèk. Depo dirèk se yon fason senp ki garanti pou resevwa benefis ou. Asire ou ke ou gen yon kanè chèk oswa etadkont ou nan men ou lè ou ap aplike. N ap bezwen enfòmasyon sa a pou asire benefis mansyèl ou depoze kòrèkteman sou kont ou.

Si ou pa vle depo dirèk, n ap fè lòt aranjman pou peye benefis mansyèl ou.

Pwogram Revni Sekirite Siplemantè (SSI)

Si ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, men ou pa gen anpil revni ak resous, (bagay ou posede) Pwogram Revni Sekirite Siplemantè, SSI, ka an mezi pou ede ou. SSI jwenn finansman nan revni jeneral yo, pa nan taks Sekirite Sosyal yo.

SSI fè peman pa mwa pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis avèk pou moun ki avèg oswa malad/enfim. Nou pa konsidere kèk nan revni ou ak kèk nan resous ou lè n ap deside si ou elijib pou resevwa peman SSI. Kay ou ak oto ou, pa egzanp, pa konsidere kèk nan resous anjeneral.

Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike pou SSI.

Dwa pou ou voye kèz ou al jije devan yon tribinal ki pi wo

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou demann ou, ou gen dwa pou ou fè apèl kont sa, sètadi, ou gen dwa pou ou voye kèz ou devan yon tribinal ki pi wo. Etap ou ka pran pou fè sa eksplike nan piblikasyon *Pwosesis Pou Fè Apèl* (Piblikasyon Nimewo 05-10041-HC) ki disponib nan Sekirite Sosyal.

Ou gen dwa pou ou gen reprezantasyon yon avoka oswa yon lòt moun ou chwazi ki kalifye. Gen plis enfòmasyon nan piblikasyon *Kijan Pou Ou Gen Yon Reprezantan* (Piblikasyon nimewo 05-10075-HC), ki disponib tou nan Sekirite Sosyal.

Medicare

Medicare se pwogram asirans sante bazik ki nan peyi nou pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis ak pou moun ki malad/enfim.

Ou pa ta dwe konfond Medicare ak Medicaid. Medicaid se yon pwogram swen medikal pou moun ki p ap touche anpil lajan epi ki pa gen anpil resous. Se sèvis asistans sosyal leta oswa biwo sèvis sosyal ki ap dirije li anjeneral. Kèk moun

ranpli kondisyon pou youn oswa pou lòt, alòske gen kèk moun ki ranpli kondisyon pou Medicare ak Medicaid ansanm.

Medicare gen kat (4) pati

- Asirans pou lopital (Pati A) ki ede peye pou swen pasyan ki entène lopital ak kèk lòt sèvis.
- Asirans medikal (Pati B) ki ede peye pou sèvis doktè, swen pasyan ki pa entène lopital ak lòt sèvis medikal.
- Medicare Advantage plans (Pati C), ki te rele anvan Medicare + Choice plans, ki disponib nan plizyè zòn. Moun ki enskri nan Medicare Pati A avèk Pati B kapab chwazi pou yo resevwa tout sèvis swen sante yo nan men youn nan òganyzasyon founisè ki nan Pati C a.
- Medicare (pati D) se yon asistans ki ede peye pou preskrypsyón.

Ki moun ki elijib pou asirans lopital (Pati A)?

Pifò moun resevwa asirans lopital lè yo gen laj 65 lane. Ou ranpli kondisyon pou sa otomatikman si ou elijib pou Sekirite Sosyal oswa pou benefis Retrèt Ray Tren. Oswa ou ka kalifye selon travay mari/madanm ou (avèk tou travay mari/madanm ou ki divòse). Lòt moun kalifye paske yo se anplwaye gouvènman ki pa garanti Sekirite Sosyal epi ki peye taks Medicare.

Si ou resevwa benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal pandan 24 mwa, ou ap kalifye pou asirans lopital.

Epitou, moun ki gen ensifizans renal pèmanan ki mande dyaliz oswa ranplasman ren oswa ki gen esklewòz lateral amyotwofik (li rele maladi Lou Gehrig tou) kalifye pou asirans lopital si yo te travay lontan ase, oswa si yo marye avèk yon travayè ki kalifye oswa yo se pitit yon travayè ki kalifye.

Ki moun ki ka resewva asirans medikal (Pati B)?

Prèske tout moun ki elijib pou asirans lopital ka enskri pou asirans medikal. Pati B a se yon pwogram ochwa. Li pa gratis.

Pou lane 2006 la, prim pa mwa a se \$88.50. Pifò moun enskri pou pati Medicare sa a.

Ki moun ki ka resevwa plan Medicare Avantaj (Pati C) ?

Nenpòt ki moun ki deja genyen asirans Medicare pou lopital (Pati A) epi ki genyen asirans medikal Medicare (Pati B) kapab antre nan yon plan Medicare Avantaj (anvan sa li te rele Medicare + Choice). Plan Medicare Avantaj yo enkli:

- Plan Medicare kontwole swen;
- Plan Medicare òrganizasyon founisè prefere (PPO);
- Plan Medicare prive frè pou sèvis; epi
- Plan Medicare espesyalite.

Ki moun ki ka resevwa asirans Medicare pou preskrypsyón (Pati D) ?

Nenpòt ki moun ki deja genyen asirans Medicare pou lopital (Pati A) epi ki genyen asirans medikal Medicare (Pati B) oswa ki nan yon plan Medicare Advantage (Pati C) elijib pou asirans Medicare pou ede peye preskrypsyón (Pati D). Asirans pou preskrypsyón sa a se yon pwogram ochwa epi ou ap gen pou peye yon prim anplis chak mwa pou li.

Pou plis enfòmasyon, kontakte nou epi mande pou *Medicare* (Piblikasyon Nimewo 05-10043-HC).

Èd avèk depans Medicare pou moun ki p ap touche anpil lajan

Si ou p ap touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, eta kote ou ap viv la ka peye prim Medicare ou yo pou ou epi, nan kèk ka, eta kote ou ap viv la ka peye lòt depans medikal ki sòti nan pòch ou pou ou, tankou dediktib ak ko-asirans.

Se sèlman eta kote ou ap viv la ki ka deside si ou kalyfye pou ou resevwa èd nan pwogram sa a. Si ou panse ou kalifye pou ou resevwa asistans sa a, kontakte biwo eta kote ou ap viv la oswa ajans asistans medikal lokal ou (Medicaid), biwo sèvis

sosyal oswa biwo asistans sosyal. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a nan piblikasyon, *You could save in Medicare expenses* (Piblikasyon CMS-10126). Pou resevwa yon kopi, rele nimewo gratis Medicare la, **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)** oswa TTY **1-877-486-2048**.

“Ed ekstra” avèk depans Medicare pou prescrypsyón

Si revni ou avèk lajan ou posede pa anpil, ou ka byen kalifye pou ou resevwa yon èd ekstra pou ede ou peye pou prescrypsyón ou nan pwogram Medicare Pati D a. Wòl Sekirite Sosyal se pou li ede ou konprann nan ki fason ou kapab kalifye pou benefis sa a epitou pou li pran aplikasyon ou pou èd ekstra a. Pou ou konnen si ou kalifye oubyen pou ou aplike, rele nimewo gratis Sekirite Sosyal la oswa vizite wèbsayt nou.

Kèk enfòmasyon sou Sekirite Sosyal

Taks 2006 Sekirite Sosyal

- Ou menm ak anplwayè ou, nou chak peye 6.2 pouzan.
- Si ou se yon travayè endepandan, ou peye 12.4 pouzan.
- Ou pa peye taks Sekirite Sosyal sou salè ki depase \$94,200.

Taks 2006 Medicare

- Ou menm ak anplwayè ou, nou chak peye 1.45 pouzan.
- Si ou se yon travayè endepandan, ou peye 2.9 pouzan.
- Taks Medicare yo peye sou tout salè ou; pa gen limit

Kredi travay pou ane 2006 la

- Pou chak \$970 ou touche, ou resevwa yon “kredi” Sekirite Sosyal jiska kat (4) pou chak ane.
- Pifò moun bezwen 40 kredi pou yo ka elijib pou benefis retrèt.
- Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo ka kalifye pou benefis maladi/enfimite ak pou benefis pou sivivan

Benefis mwayen pa mwa Sekirite Sosyal pou ane 2006 la

- Travayè ki retrete: \$1,002.
- Koup (mari ak madanm) ki retrete: \$1,648
- Travayè ki malad/enfim: \$939
- Travayè malad/enfim ki marye epi ki gen yon timoun: \$1,571
- Vèf oswa vèv: \$967
- Jèn vèf oswa jèn vèv ki gen de (2) pitit: \$2,074

Tarif peman SSI pou ane 2006 la

- (sipleman eta lokal la, si genyen, pa enkli nan chif sa a)
- \$603 pou yon moun
- \$904 pou yon koup (mari ak madanm).

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration